

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Novel *Sripanggung* karya Tjaraka mangrupa salah sahiji novel nu latar atawa settingna di kontrak atawa perkebunan entéh. Ieu novel miboga daya tarik nu husus dibandingkeun jeung novel nu séjénna, sabab nyaritakeun kumaha kahirupan urang Sunda nu aya di kontrak. Salian ti éta, ieu novel nyaritakeun tilu jaman anu béda, nya éta jaman Walanda (saméméh perang), jaman Jepang, jeung jaman kamerdékaan. Tiori nu digunakeun nya éta Robert Stanton ngawengku tema carita, fakta carita, jeung sarana carita. Anapon tiori nu dipaké pikeun nganalisis psikologi dina ieu novel nya éta tiori Sigmund Freud ngawengku *id*, *ego*, jeung *superego*. Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaidentifikasi jeung ngadeskripsikeun strukturalisme jeung psikologis dina novel *Sripanggung* karya Tjaraka. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta déskriptif analitik.

Téma ieu novel nya éta kakawasaan jeung kasatiaan, kakawasaan bangsa Walanda nu ngabalukarkeun salah saurang wanoja luluasan inah ti imah sabab éta wanoja geus ragrag tresna ka jajaka pilihanna, éta wanoja satia nungguan jajaka nepi ka manéhna jadi sripanggung. Unsur galur nu aya dina ieu novel nya éta *backtracking*, *foreshadowing*, *suspense*, jeung konflik. Palaku utama dina ieu novel nya éta Empat atawa Mimin, Cécép Tatang, Kasim (bapana Empat), jeung Indungna Empat. Palaku tambahan dina ieu novel loba pisan. Téhnik nu dipaké dina ieu novel nya éta téhnik dramatik. Latar tempat general nu aya dina ieu novel nya éta di kontrak Gunung Malabar, di dayeuh, jeung di Tepangsono, anapon latar farsial (husus) nu aya dina ieu novel mangrupa tempat mekarna galur atawa plot. Latar sosial nu nyampak dina ieu novel sosial kamasarakatan. Tilikan pangarang/ *point of view* nu digunakeun dina ieu novel nya éta jalma katilu-teu kawatesanan, pangarang lalua nyaritakeun palaku nu aya dina carita. Gaya basa nu aya dina ieu novel nya éta hiperbola (rarahulan), personifikasi (mijalma),

metafora, sinéstésia, jeung simile (ngumpamakeun), salian ti ngagunakeun gaya basa dina ieu novel ogé kapanggih aya babasan tur paribasa.

Unsur psikologi nu nyampak dina novel *Sripanggung* kapanggih ngaliwatan sababaraha palaku. Kakuatan *id* nu aya dina diri Empat kawilang rongkah, sabab Empat boga rasa tresna nu gedé ka Tatang. *Ego* dina diri Empat muncul nalika manéhna ngabédakeun kaayaan dirina jeung kaayan Tatang. *Superego* nu ngawatesanan pari polah Empat. Dina diri Empat katitén *id*, *ego*, jeung *superego* teu paunggul-unggul atawa bisa kawilang saimbang. Salian ti Empat, dina diri Anton katitén rongkahna *id*. Digambarkeun dina diri Anton *ego* jeung *superego* euweuh. Kakuatan *id* dina diri Anton teu bisa disidem tur Anton teu bisa ngajén naon nu aya dimasarakat, salian ti éta Anton gé teu boga ajén moral dina dirina, nepi ka maotna Anton dicaritakeun teu robah sikep. Aya ogé Harjo nu kakuatan *id*-na teu bisa disingkahan, tapi ieu hal nagrojong kana watek nu aya dina carita. Salian ti éta, dina diri Harjo katitén bisa ngajén kana aturan nu aya di masarakat. Katitén dina unggal palaku digambarkeun kakuatan *id*, *ego*, jeung *superego* béda-béda, ieu hal ngarogjong kana watek palaku nu dicaritakeun ku pangarang.

Novel *Sripanggung* nyaritakeun wanoja di kontrak entéh nu boga sora alus tur dicaritakeun dina tilu jaman anu béda. Ieu novel boga kaunggulan tinu séjén sabab ieu novel di lataran timimiti jaman Walanda, jaman Jepang, nepi ka kamerdékaan. Salian ti éta ieu novel nyaritakeun rasa tresna hiji wanoja nu teu robah sanajan geus nyorang tilu jaman anu béda. Ieu hal pisan nu nyieun novel *Sripanggung* istimewa.

## 5.2 Saran

Novel mangrupa rekaan fiksi nu ngawujud lalakon, umumna panjang sarta galur caritana atawa plot-na ngarancabang. Dina novel ngandung amanat nu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca, salian ti éta novel boga ajén inajén nu gedé mangpaatna pikeun nu maca. Sawatara saran nu disusun pikeun pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan saperti: masarakat akademik atawa nu maca, lembaga paélman, jeung nu nalungtik saterusna.

### **5.2.1 Masyarakat Akademik atawa nu Maca**

Dipiharep bisa ngawanohkeun kana analisis psikologi. Salian ti éta dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana kritik atawa apresiasi karya sastra.

### **5.2.2 Lembaga Paélmuan**

Lembaga paélmuan dipiharep bisa ngaronjatkeun atawa ngahudang karep kalangan akademisi kana apresiasi kajian sastra atawa kritik sastra di widang psikologi.

### **5.2.3 Nu nalungtik saterusna**

Ieu panalungtikan masih aya kakurangan, pikeun panalungtik saterusna dipiharep bisa maham cara nerapkeun pamarekan psikologi, ogé kudu maham kana élmu psikologi. Salian ti éta panalungtik saterusna dipiharep bisa ngaguar leuwih jero kana analisis atawa kritik karya sastra.